

## **Nan moman kriz imanitè a vin pi grav, Markey ak McGovern mande pou Prezidan Biden sipòte aspirasyon demokratik ak estabilite nan peyi dayiti.**

Nan Washington, kapital Etazini, 6 Oktòb 2022-

Puiske gouvènman ayisyen defakto a echwe nan jere premye ka kolera ki te touye anpil moun pandan twa zan ak vvolans gang nan Pòtoprens ki ogmante, Senatè Edward J. Markey, yon manm Komite Relasyon Etranjè Sena Amèriken an, ak Depite James P. McGovern, Prezidan Komite kap kontwole règleman Lachanm Amèriken an, nan pati demokratik Massachusetts, ankouraje kòlèg yo ki nan kongrè a apiye rèv ayisyen pou konstwi yon peyi demokratik nan yon lèt yo voye jodia pou Prezidan Biden.

Lèt la fè Prezidan Etazini a sonje depi asasina Prezidan Moïse nan mwa jiyè 2021 an, se Premye Minis defakto Ariel Henry ki ap dirije Ayiti. Ariel Henry asime pozisyon Premye Minis la nan yon konfwontasyon ak ansyen Premye Minis Claude Joseph, malgre li pa gen manda lejitim daprè konstitisyon peyi dayiti ni nan je pèp ayisyen. Nan ane ki sot pase a ensekirite ak kriz imanitè a ogmante epi gang kriminèl kontinye anpeche distribisyon èd pou senk milyon moun. Anplis, eleksyon palmantè yo pa fèt depi 2016. Sa ki lakòz palman ayisyen an kraze nan lane 2020.

“Etazini dwe kore tout efò lejitim ki ka ede Ayiti kreye yon gouvènman tranzisyon ki respekte volonte pèp ayisyen an, sa dwe klè yo pap sipòte Premye Minis defakto Ariel Henry paske li bloke avansman peyi a” daprè lejislatè yo. “Ayisyen vle ak tout fòs yon peyi estab ak demokratik.”

Lejislatè yo bay administrasyon Biden konsèy pou li sipòte estabilite ak demokrasi ann Ayiti:

1. Li nesesè pou Etazini ta rantre Akò Montana a ak lòt sosyete sivil ayisyen nan diskisyon sou gouvènans ak sekirite.
2. Lè ofisyèl Ameriken yo pral rankontre Premye Minis Henry oubyen lòt moun nan Pati Ayisyen Tèt Kale (PHTK) a, yo dwe evite fè mesaj piblik ki montre yo sipòte PM Henry.
3. Ofisyèl Ameriken yo dwe bay yon mesaj klè ki montre yo pap sipòte PM Henry si li bloke pwogrè nan peyi a.
4. Ofisyèl Ameriken yo ta dwe sispann depòtasyon ayisyen akòz ensikirite ann Ayiti.
5. Etazini ta dwe nonmen yon Anvwaye Espesyal.

Lejislatè yo konkli konsa: “Nap kòmanse piti piti avèk inisyativ sa yo nou sot pwòpoze a, kap pèmèt pèp ayisyen rete sèl mèt tèt li, Etazini ka deklare nan fason li adrese pwoblèm Ayiti a fèt ak anpil sajès e imilite, nan respè pou rèv ak efò ayisyen pou yo konstwi yon peyi demokratik.”

Senatè Elizabeth Warren ki sòti Massachusetts, Bernie Sanders ak Patrick Leahy ki sòti nan Vermont, ak Depite Ayanna Pressley nan Massachusetts, Stacey Plaskett nan zile vyèj yo, Bill Keating nan Massachusetts, Terri Sewell nan Alabama, Maxine Waters nan California, Rashida Tlaib nan Michigan, Jamie Raskin nan Maryland ak Dwight Evans nan Pennsylvania; se tout moun sa yo ki siyen lèt la.

Depi lontan Senatè Markey se yon defansè pou lapè ak stabilite pou Ayiti. Nan mwa Oktòb 2016 la, li te vwayaje ann Ayiti pou obsève repons imanitè Etazini konsènan Siklòn Matye epi evalye kondisyon sante piblik nan mitan epidemi kolera nan peyi a. Li te dirije efò nan Sena a pou fè presyon sou Nasyonzini (ONU) pou l aksepte tout responsablite pou epidemi kolera Ayiti a epi bay asistans finansyè pou viktim yo ak fanmi yo ki afekte nan epidemi an. Nasyonzini te finalman bay ekskiz nan menm lane a. Nan mwa me 2020 an, Senatè Markey te mande prezidan Trump pou l sispann depòtasyon ann Ayiti pandan pandemi KOVID-19 kap kontinye nan yon fason pou pwoteje pèp ayisyen an ak enfrastrikti sante piblik yo.

Prezidan McGovern kap dirije Komite kap kontwole règleman Lachann Amèriken an, se yon defansè pèp Ayisen an depi lontan, e menm pandan ak apre gwo tranblemanntè ki te dévaste peyi a an 2010. Antanke Ko-Prezidan Komisyón Dwa Moun Tom Lantos, li te dirije diskisyon yo nan sans pou atire atansyon sou bezwen devlopman pèp ayisyen an ak gwo kriz dwa moun ki blayi sou nasyon ki sou zile a, epi mete aksan sou siksè inisyativ sosyete sivil la. Li te opoze ak tout fòs kont depòtasyon ayisyen kap kouri pou vyolans ak mizè. Epi li te sipòte pwolonjman TPS pou ayisyen ki abite Etazini.